

**KONEN
DWA
OU YO**

ACLU Nevada

DWA MANIFESTAN YO NAN NEVADA

Egzèse dwa w pou libète lapawòl ak rasanbleman klèman pwoteje anba Premye Amannman an. Sepandan, manifestasyon an mas ka mennen nan kontak endezirab ak lapolis, arrestasyon — menm vyolans. Si w ap sòti pou manifeste, men sa ou bezwen pou w Konnen Dwa w Yo.

Ki Kote Mwen Ka Manifeste?

Manifestasyon fizik pa sèl fòm pwotestasyon ki egziste, sepandan yo komen epi reyini fizikman pou afwonte gouvènman an se tradisyon Ameriken ki pi ansyen an.

Manifestasyon fizik ka fèt sou pwopriyete publik tankou yon lari, twotwa, plas, oswa pak. Zòn sa yo rele fowòm publik tradisyonèl yo epi yo bay pi gwo pwoteksyon 1A yo.

Manifestasyon fizik ka fèt tou andedan biling gouvènman yo. Gouvènman an ka mete plis règ pou limite manifestasyon sa yo, men yo dwe aplike yon fason inivèsèl. Epi gouvènman an pa ka vize yon gwoup manifestasyon espesifik ak règ oswa restriksyon espesyal.

Gen kèk manifestasyon ki ka mande yon pèmi, men sèlman si manifestasyon an pa rete sou twotwa/bloke lari, se yon gwo rasanbleman ki itilize son gwo volim, oswa depase limit gwosè plas publik yo oswa palè jistis yo. Gouvènman an pa ka refize yon pèmi senpleman akoz kontni manifestasyon an.

Dwa Premye Amannman ou yo nan katye rezidansyèl yo pi limite. Vize yon rezidans patikilye, pa egzanp, ka vyole lwa ki konstitisyonèlman valid tankou òdonans sou bri.

Pwopriyetè pwopriyete prive yo ka mete règ sou diskou, fotografi oswa videyografi sou pwopriyete yo sa ki ka rann manifestasyon sou pwopriyete prive difisil.



Ki Metòd Manifestasyon Ki Legal?

Li enkonstitisyonèl pou rann manifestasyon ilegal. Sepandan, yo te pèmèt enpoze kèk limit sou manifestasyon. Youn nan limit yo se kote manifestasyon an fèt la. Yo ka kanpe yon manifestasyon lè gen yon danje klè ak prezan pou yon revòlt, dezòd, entèferans avèk sikilasyon, oswa lòt menas imeda pou sekirite publik.

Kilè Yo Ka Dispèse Yon Manifestasyon Avèk Fòs?

Lapolis ka sèlman egzije pou yon manifestasyon dispèse kòm yon dènye rekou. Lè yo ap fose manifestasyon dispèse, yo konnen lapolis konn enflije blesi kòporèl pa fòs fizik, bal kawotchou, katouch ak sak gress, bal reyèl, zam paralizan, gaz lakrimojèn, ak/oswa espre pwav. Lapolis sipoze itilize fòs pou dispèse yon manifestasyon kòm yon dènye rekou absoli sèlman si gen yon danje prezan.

Èske Mwen Ka Anrejistre Videyo Oswa Pran Foto Nan Yon Manifestasyon?

Li konplètman legal pou anrejistre oswa pran foto nenpòt sa ki vizib nan yon espas pubblik. Sa gen ladan 1 anrejistrement entèrakson ak fòs de lòd ak kontmanifestan yo. Polisye pa ka pran oswa egzije pou yo gade telefòn ou oswa lòt aparèy, enkli foto oswa videyo, san yon manda.

Èske Manifeste Sekirize?

Manifestasyon se yon fòm fizik ak pubblik angajman sivik. Ou ap itilize kò ou pou atire atansyon sou yon pwoblèm oswa yon kòz. Pandan ke majorite manifestasyon yo pezib, te gen ka vyolans pa gouvènman an oswa otreman nan manifestasyon. Si ou panse yon manifestasyon ap vin danjere oswa si yo te deklare lòd dispèsyon, ou ka chwazi kite.

E Si Yo Detni M Oswa Arete Mwen Pandan M Ap Manifeste?

Eseye rete kalm. Mande ofisyè a si ou lib pou ale. Si se pa sa, ou ka evoke dwa w nan Senkyèm Amannman pou rete an silans jiskaske avoka w la preznan. Asire ou ke ou di yon fason afimatif ak klè "Mwen ap evoke dwa senkyèm amannman mwen an pou m rete an silans epi mwen p ap pale jiskaske avoka mwen an preznan." Ou pa oblige dakò pou yo fouye afè ou, men yon ajan ka fe yon fouy si li panse ou gen yon zam oswa ou te komèt yon krim. Li toujou pi bon pou refize yon fouy si sa posib, menm jan li pi bon pou rete an silans. Si ou arete w, ou dwe idantifye tèt ou. Ou ka refize lòt demann, men ou dwe suiv tout lòd ki legal. Li ka difisil pou detèmine kisa ki yon demann ak kisa ki yon lòd de yon ofisyè.

E Si Yo Detni M Oswa Arete Mwen Pandan M Ap Manifeste?

Gouvènman an ap itilize teknoloji atravè peyi a pou siveye ak kontwole manifestasyon yo. Sa enkli itilizasyon teknoloji stingray pou entèsepte done ki voye atravè yon telefòn. Teknoloji sa a twonpe telefòn ou pou li konekte avè l tankou si se te yon antèn telefòn selilè oswa yon pwen aksè Wi-Fi epi li anrejistre tout done ou voye yo. Yo konnen tou gouvènman an konn itilize blokè siyal telefòn pandan manifestasyon sa ki entèfere ak kapasite yon telefòn pou kominike ak lòt aparèy.

Si Ou Santi Yo Vyole Dwa Ou

- Si ou kapab, pran nòt sou sa ki te pase. Eseye enkli nimewo badj ofisyè yo ak nimewo machin patwouy yo ak ajans yo, epi ajans yo travay pou li a.
- Jwenn enfomasyon kontak pou temwen yo.
- Pran videyo/foto evènman yo si li an sekirite pou fe sa.
- Pran foto nenpòt blesi epi, si sa nesesè, chèche swen medikal.

Ou ka jwenn plis gid Konnen dwa w yo, mande yon fòmasyon, ak plis ankò sou aclunv.org/KYR.

